

# Konprann Prezans Lekòl la: Yon kle nan sikse akademik

Timoun ki ale lekòl souvan gen plis chans pou yo byen travay lekòl. Elèv ki ale lekòl chak jou gen nèt fwa plis chans pou yo gradye nan segondè. Yo gen sis fwa plis chans pou yo reyisi lekti nan twazyèm ane a. Pou rezon sa a, timoun yo dwe ale lekòl toutan sa posib. Nan Ohio, lekòl yo kenbe yon dosye sou kantite èdtan timoun yo ale lekòl.

## Timoun ki ale lekòl regilyèman:

- Fè pi bon nèt Aprann Anglè Pi Rapid.
- Santi yo pi byen de tèt yo. Santi yo pi byen de lekòl.
- Gen pi bon relasyon ak kamarad klas yo e pwofesè yo.

## Kisa ou ta dwe fè lè pitit ou dwe rate jou lekòl?

Kontakte lekòl la pou rapòte absans lan. Ou kapab rele biwo lekòl la pou fè yo konnen pitit ou rate jou lekòl.

Sa enpòtan Lwa eta a egziye pou lekòl yo kontakte fanmi elèv ki absan yo nan dezèdtan apre jounen lekòl la kòmanse. Majorite lekòl yo itilize apèl otomatik pou kontakte paran yo si yon elèv pa gen yon absans motive. Majorite lekòl yo gen yon nimewo telefòn prezans separe pou rapòte yon absans.

Nou gen lwa sa a pou fanmi yo ak lekòl la konnen kote timoun yo ye e yo an sekirite.

Lè pitit ou a tounen lekòl, voye bay lekòl la yon **nèt** esplike poukisa pitit ou a te absan. Pou yon absans motive, asire w bay nenpòt dokiman oswa materyèl lekòl la mande. Yon nèt doktè se yon egzanp komen. Pafwa yon lekòl p ap konte yon absans motive. Sa rive lè fanmi yo pa bay yon lèt oswa lòt materyèl lekòl la mande.

Ou kapab mande yon nèt. Mande, "Èske mwen kapab jwenn yon nèt pou pitit mwen pou bay lekòl la pou absans motive yo a, souple."

Verifye ak pwofesè timoun mwen an. Gade si gen nenpòt devwa oswa materyèl pitit ou ta dwe revize. Sitou si pitit ou a rate anpil jou lekòl.

"Kisa pitit mwen an kapab fè pou ratrape lesan ak devwa li te rate yo?"

## Kisa bon prezans ye?

Elèv yo dwe ale lekòl toutotan posib. Lè w anreta nan lekòl souvan sa ka afekte aprantisaj pitit ou yon fason negatif menm jan lè li rate twòp jou lekòl. Lè elèv yo rate lekòl, yo manke aprann. Yo kapab rapidman tonbe dèyè kamarad klas yo. Lekòl o souse de reysit elèv yo. Y ap pran lòt etap pou sipòte elèv ki bezwen èd pou ale lekòl.

Gen de tip absans: motive ak san motive. Kalite absans lan ap varye de lekòl an lekòl, kidonk li enpòtan pou konnen règleman espesifik yo nan pwòp lekòl ou. Pa egzanp, si w bezwen ale nan yon randevou legal oswa mennen pitit ou a kay doktè, absans lan ka konsidere kòm motive. Pou jwenn yon absans motive pou pitit ou, ou kapab bezwen montre yon lèt doktè, avoka, oswa yon moun ki ka verifye rezon absans ou. Konsa, lekòl la ap konprann absans lan te nesèsè, epi li p ap konte nan dosye prezans pitit ou a.

## Kisa k ap pase lè elèv yo rate twòp jou lekòl?

Lè timoun yo rate anpil jou lekòl, yo rate anpil nan tan aprantisaj yo epi yo ka tonbe dèyè rapidman. Se poutèt sa lekòl yo kontwole prezans chak elèv.

### Kisa lekòl la kapab fè:

- Kontakte fanmi w pou fè w konnen absans lan epi asire w pitit ou a an sekirite.
- Voye yon lèt lakay Lèt sa a ta dwe voye nan lang ou prefere itilize a. Lè ou te enskri pitit ou lekòl la, yo ta dwe mande k lang ou prefere itilize. Si lang ou prefere a chanje, ou ka mande lekòl la pou mete l ajou oswa chanje li.
- Fè yon moun ale lakay ou pou asire pitit ou an sekirite.
- Kontakte fanmi ou pou kreye yon plan pou asire pitit ou ale lekòl regilyèman.
- Mande ki sipòte fanmi ou bezwen.
- Bay sèvis pou ede pitit ou ale lekòl chak jou.

## Kisa fanmi w ka fè:

Ou ka rele lekòl la pou w wè ki opsyon ki genyen. Ou ka pale ak responsab kontwòl prezans yo, direktè lekòl la oswa nenpòt manm pèsònèl lekòl la. Ou ka pataje poukisa pitit ou rate jou lekòl. Souvan, lekòl la ka ede fanmi tankou pa w la pou fè pitit ou lekòl alè chak jou.

## Kesyon ou kapab poze

- Kisa mwen ta dwe fè si pitit mwen an rate jou lekòl?
- Kisa mwen ta dwe fè si pitit mwen an bezwen rate lekòl pou yon jou fèt kiltirèl oswa relijye? Kisa mwen ka fè si mwen pa gen yon fason pou mennen pitit mwen lekòl?
- Kisa mwen ka fè si mwen pa kapab vin chache pitit mwen lekòl la?
- Pitit mwen an refize ale lekòl epi li pa vle di m poukisa. Kisa m pou m fè? Ki moun mwen ka mande èd? Mwen te resevwa yon lèt pa lapòs konsènan prezans pitit mwen an. Èske gen yon moun mwen ka pale de sa a?

## Konsèy pou ede pitit ou a gen bon prezans

- **Eseye konprann poukisa pitit ou a pa vle ale lekòl.** Pafwa pitit ou a ka pa vle ale lekòl. Lè sa rive, konsantre sou konprann ki jan pitit ou santi li ak poukisa li pa vle ale lekòl. Asire w reponn kesyon oswa enkyetid yo a.
- **Si pitit ou a souvan refize ale lekòl epi li pa ka di w poukisa, pran yon randevou ak pwofesè a oswa konseye akademik la.** Yo kapab ede w konnen poukisa pitit ou a pa vle ale lekòl.
- **Redui tan pitit ou a rate lekòl pou randevou medikal oswa maladi.** Lè w kapab, pran randevou andeyò jounen lekòl la oswa pandan poz. Sèlman kenbe pitit ou a lakay ou lè li vrèman malad oswa si li gen yon maladi kontajye. Sa a se [egzanp nòt](#) ou ka itilize pou rapòte yon absans nan lekòl pitit ou a.
- **Ede pitit ou a rete an sante pou li ka evite malad ak manke lekòl.** Youn nan fason yo ka rete an sante se asire pitit ou a manje yon rejim balanse ak anpil fwi ak legim epi li gen opòtinite fè egzèsis chak jou nan yon ekip espò oswa lè pou

jwe deyò.

- ❑ **Planifye evènman fanmi yo nan orè lekòl pitit ou.** Planifye vwayaj fanmi ak selebrasyon pandan vakans lekòl yo oswa nan wikenn.
- ❑ **Pale ak pwofesè pitit ou a oswa lekòl la pi vit posibil.** Li enpòtan pou fè pwofesè a oswa lekòl la konnen lè gen ijans fanmilyal oswa vwayaj inatandi. Pwofesè a ap ede w deside si pitit ou a ka travay alavans oswa si pitit ou a ka pran travay li kapab konplete pandan li pa lekòl.
- ❑ **Planifye alavans.** Ede pitit ou a prepare pou lekòl la lè w chwazi rad oswa atik li pral bezwen lekòl la pwochen jou a chak swa. Mete nenpòt lòt bagay y ap bezwen pwochen jou a kote ou menm oswa pitit ou a ka jwenn li fasil.
- ❑ **Asire w pitit ou a dòmi ase.** Asire w pitit ou a dòmi ase, apeprè 8 a 12 èdtan. Lè w dòmi ase, sa ede timoun yo leve alè epi yo santi yo repoze epi prepare nan demen. Pitit ou a ta dwe detann anvan li al dòmi pandan l ap fè yon bagay relaksan, tankou li olye pou yo gade televizyon oswa itilize yon telefòn selilè!
- ❑ **Mande pou yon entèprèt .** Lè w ap travay ak lekòl la, fè lekòl la konnen si w ta renmen gen yon entèprèt oswa si w ta renmen pale ak yon moun ki konprann lang ak kilti w. Ou ka mande tou pou yo tradui feyè oswa enfòmasyon ki soti nan lekòl la nan lang ou prefere.

Aprann plis sou fason pou ede pitit ou gen bon prezans sou paj [Colorin Colorado's School Attendance](#) .

## Egzanp nòt pou voye bay lekòl

Men yon egzanp yon lèt oswa yon mesaj pou voye lekòl la lè pitit ou manke lekòl. Ou ka itilize sa a pou ekri yon lèt alamen oswa itilize li pou voye yon mesaj tèks oswa imèl bay pwofesè pitit ou a oswa lekòl la. Tout sa w bezwen fè se ajoute enfòmasyon w yo.

Chè {write the name of the school staff member},

Tanpri eskize mwen an {write your child's name} paske li rate lekòl nan dat {write the date your child missed school} paske{write the reason your child missed school}. Ou kapab kontakte m nan {write your phone number, email, or the best way the school can

contact you} si w bezwen plis enfòmasyon nan men m.

Mèsi,

{Sign your name here}



## Resous Adisyonèl

- Feyè sa a gen plis enfòmasyon sou benefis yon bon prezans ak konsèy pou fanmi yo. <https://ohiofamiliesengage.osu.edu/resources/tips-and-information-to-support-your-childs-attendance/>
- Ou ka aprann plis nan seksyon Prezans nan NCELA Family Toolkit lè w chwazi Chapit 2. Li disponib nan kat lang (anglè, arab, chinwa, ak espanyòl). <https://ncela.ed.gov/educator-support/toolkits/family-toolkit>
- Paj Siksè kle nan prezans nan lekòl Colorin Colorado bay konsèy sou prezans. <https://www.colorincolorado.org/article/school-attendance-key-success>
- Attendance Works ofri feyè sou prezans nan diferan nivo klas ki disponib nan plizyè lang. <https://www.attendanceworks.org/resources/handouts-for-families>
- Attendance Works bay fanmi yo konsèy tou lè y ap deside si pitit ou a malad epi li bezwen rete lakay yo. <https://www.attendanceworks.org/resources/handouts-for-families>
- Aksede konsèy sou prezans pou fanmi yo sou sit entènèt lekòl piblik Albuquerque. <https://www.aps.edu/news/archives/news-from-2021-2022/attendance-tips-for-families>

*Resous sa yo vize ranfòse akademik, byennèt elèv yo, ak inivèsite ak rezilta karyè pou aprenan multileng nan Ohio. Resous yo te kreye atravè yon efò kolaborasyon ant Ohio Department of Education and Workforce ak The Ohio State University's Center "Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ak Sant" sou Edikasyon ak Fòmasyon pou Travay Ohio State University ansanm ak yon gwoup defansè fanmi devwe, lidè kominotè, pèsonèl distri lekòl la, ak pwofesè yo.*

